ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№94 (22.02) ● 2011 гъэм накъыгъэм (майм) и 25, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Блий С. Г. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЩIэныгъэ лъагэ зиIэ IэщIагъэлIэр гъэхьэзырыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным **Блий Станислав Григорий и кьуэм** - «Урысей мэкъумэщ центр» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 20-м
№79-УП

Сэхъуурокъуэ Хь. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхьэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ и Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ политикэр щыгъэзэщIэным къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхьэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ и Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным **Сэхъуурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и кьуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къудамэм и кьалэнхэр зыгъэзэщIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 20-м
№80-УП

ЩIегъуэжахэм къагъэзэжыну хуитщ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм Къанокъуэ Арсен аргуэру щIыущIащ террорист щIэпхъаджагъэ зыгъэжьхъэм яхуэту щэч хуэмыгъэзэнымкIэ и адэанэ гупым, Абы къырихьэлIащ Iуащхьэмахуэ районым щыщ бзаджащIэхэм я Iыхьлыхэр.

ДЫЗЭРЫЩIГЪУАЗЭЩI, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ щыгтыкIэр зэпIэзэрыт щIыжьыным хуэунэтIауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хиубыдэу Къанокъуэ Арсен нэхъ яIэнкIэ яIущIауэ щытащ Бахъсэн районым щыщ адэанэхэм.

Иджырей зэIущIэм къырихьэлIахэр КъБР-м и Президентым щыгъуазэ ищIащ, япэкIэ унафэ къыхэращтауэ щытам тету, щIэпхъаджащIэхэр гъащIэм къыхэщIэжыным, хэгъэзэгъэжыным елэжьыну комиссэ республикэм къыхэращыщзэрагъэпэщым.

Федеральнэ IэнатIэм щыгъэфIагъэкIащ хабзэхъумэ органэм къекIуалIэу Iэщэр зытхэм тезырыр ящызыгъэпсыныщIэну Iуэхугъуэ зыбжанэ. Кьапщтэмэ, апхуэдизкIэ зэхъуэкIыныгъэхэр хагъэхащ УФ-м и Уголовно-процессуальнэ кодексымрэ Уголовнэ кодексымрэ. Абыхэм Iуэхугъэ зэхэзыгъэкI органхэмрэ судхэмрэ Iэмал ират ялэжьакъэ хущIегъуэжу кьэзыгъэзэжакъэм, щIэпхъаджагъэхэр адэкIэ зымылэжьыжьыну мурад зыщIахэм трапъхъэ тезырыр нэхъ щабэ ящIыну.

-Си дежкIэ ахэри республикэм щыщ щIыхьщ икIи сэ сыхущIэкъунущ абыхэм я псэр къызэрезгъэпынам, гъэгу пхэнжьм къызэрытесщыным. Абыхэм ящыщ зыгъэрым къигъэзэжу гъащIэ тэмэмым къыхьыхьжьыну мурад ищIмэ, дэ апхуэдизм зыхуэфащэ Iэмалхэр етгынщ. Араща комиссэ щхьэхуэ къыщIыщIэздгъэпэщыр. Сэ си щхьэкIэ а Iуэхум сыкIэлъыплъынущ. ЩIегъуэжа псори я унагъуэхэм къызэрекIуэкIэжьмкIэ гъэгу пыухыкIам дыбзыхунущ. Сэ шэсыпIэ соувэ абыхэм яхуэмыфащэу лей ирамыхыну. Дэ тхузэфIэкI псори дэдэжьнущ хэгъэзыхь щымыIэу зыкъэзыта дэтхэнэми, абы щIэпхъаджагъэ егъэлеяхэр имыгъэкIамэ, ЛЫ имыгъэжамэ, и Iуэхур тэмэму законым тету зэхагъэкIын папщIэ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Дэтхэнэми ищIэн хуейщ къигъэзэжыну зэрыхуэзфIэкIынур. Унгу иримыхьын куэд щыIэщ, ауэ абы къинкIыркъым зэпищIэу Iэщэм уепхъэжи хуейуэ. Иджыпсту дэ IэмалышыгъэкIэ Iуэху ткIийхэр дымыIэжьу хъурркъым, абы къызэкIыжьу зыкъэзытыну хуэмейхэр гува-щIэхами хэкIуэдэнущ».

Адэ-анэхэм я гугъуехыкэр Президентым хуаIуэтащ икIи я бынхэр мамыр гъащIэм къыхэщIэжьнымкIэ властым зэщIагъэзыхуэну зэрырихьэлIар жаIащ. Мыпхуэдэ зэIущIэхэр республикэм и Iэтащхьэм дяпэкIи иригъэкIуэкIыну и мурадщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Правительствэм хэгъэхьэ адыгэзэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэльыхьахэщ Узынщагъэр хъумэнымкIэ министерствэм 2010 гъэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэмрэ 2011 гъэм кьыпщыт кьалэнхэмрэ. А IуэхутхьэхэмкъэхьIауэкъым: сэлъащ узынщагъэмкIэ министр Амщокъуэ ФатIимэт.

МИНИСТЕРСТВЭМ и лэжьыгъэр нэхъ Iупщ зыщIхэм ящыщщ демографие и лъныкъуэкIэ, республикэм щыIэ щIыпIэ щытыкIэр. Кьалъхуэм я фIыгъэкIэ, республикэм и щIыхьэм кьаэхъуэрэр процент 23,8-м нэсащ икIи 2009 гъэм зэрыхъуу щыта проценти 4,2-м и пIэкIэ процентэ 5,2-рэ хъуащ. Кьалъхуэм я бжыгъэм хэхьуэрэ ЙокIуэкI. 2010 гъэм сабий 12.578-рэ кьалъхуащ, 2009 гъэм кьалъхуар 12.143-рэщ. Урысейм щIыхьэм я бжыгъэм нэхьыбжу щыхэхъуэ щIыналитхум Къэбэрдей-Балъкъэрри яхьыщ. Пlэхэм я бжыгъэр проценти 4,3-кIэ, сабийхэм - проценти 6-кIэ нэхъ мащIэ хьуащ.Ику ину щIыхур зэрыпсэу илъэс бжыгъэр 2011 гъэм илъэс 72,7-рэ хьуну кьалытэ.

Республикэр зэрыщыту медицинэ зэхьакIуэкIэ къыхэзэгъэпэщам щыгепсэльыхьым министрым жиIащ, бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, щытыкIэр ефIакIуэми, дохутырхэмкIэ кьапщтэмэ, ику ину Урысейм зэрыщыщытым нэхьрэ тIэкIу зэрыпхъ мащIэр, ауэ хурыт медицинэ лэжьакIуэу диЗэ зыкъомкIэ зэрыпэхъыбэр. Япэми хуэдэу ярикъуркъым язныкъуэ Iэщ1агъэхэм хуеджа лэжьакIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым узынщагъэр хъумэнымкIэ и Iэнатlэр иджыпсту хуэныкъуэщ медицинэм и лэжьакIуэ 244-рэ: дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и дохутырхэм, психиатрхэм, патологоанатомхэм, фтизиатрхэм, психиатр-наркологхэм, анастезиолог-реаниматологхэм. Нахьыбэу яхуэмыкъуэхэм ящыщщ педиатрхэмрэ неонатологхэмрэ. Министерствэм программэ зэмылIэ-маным Урысейм и мэзхэр мафIэм зэрысым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы гъэри апхуэдизу.

МафIэм ес мэз гектар минищэм щIигъу - нэгъабэ и мыпхуэдизу зэманым елъытауэ зуэдитIым щIигъыкIэ нэхьыбэ. Свердловск областым мафIэм щрихащ жылагъуэ псо. ЩIапIэхэм щылажьэ фы зыжьхэр полицейскэм къратъэпащ. Ахэр и чэзум япэкIи ЛIэсамэ, цIыхуэр хэкIуэдэнут.

Аргуэру хоплъэж

Судыр аргуэру хоплъэж урысей олигарххэу Ходорковский Михаилрэ Лебедев Платонрэ я Iуэхуэм.

Илъэс и пэкIэ абыхэм я судыр щIэрыщIэу ящIэжауэ щытащ. Абы кьэрикIуахэмкIэ мыарэзэ уэчылхэр аргуэру тхьэусыхэжащ.

◆ **Африкэм и махуэщ.** Африкэ зэкъуэтыныгъэм и зэгухьэныгъэр 1963 гъэм накъыгъэм и 25-м къызэрагъэпэщащ. 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 9 лъандэрэ Африкэ союзщ.

◆ **Сабий кIуэдахэр къыщалъхьуэ махуэщ** (2002).

◆ **Иордан Пащтыхьыгъуэм егъэлъапIэ къэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэр** (1946).

◆Илъэси 5 и пэкIэ (2006) Урысей Федерацэмрэ Евросоюзымрэ Iэ традзащ УФ-мрэ а зэгухьэныгъэм и къэралхэмрэ я цIыхуэм визэ зэрырат щIыкIэр нэхъ тынш зыщIэ зэгурыIуэныгъэм.

◆ Накъыгъэм и 27 - 28-хэм Волгоград щекIуэкIынущ Урысейм и хирургхэм я XI зэхуэсыр.

◆ Илъэс 80 и пэкIэ (1931) кьалъхуащ СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхьужь (1975, 1978) Гречкэ Георгий.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Уасэхэр, уасэхэр...

Белоруссием бензиным и уасэр зэуэ процент 25-кIэ щыуеелащ. Абы къыщыдэкIуэу, хуабжьу лъапIэ щохьу ерыскъыпрэ хьэпщыпхэмрэ. Псори къызыхэкIар а къэралым щызекIуэ ахъшэр процент 56-кIэ девальвацэ зэращIарщ.

Власткэр щогугъ, Урысейм щIыхьэу иритыну къызэрыгъэгугъа доллар мелардищэр яIэрыхьэмэ, щытыкIэр зэтес ящIыжьыфыну. АрщхьэкIэ Iэщ1агъэлIэхэм кьалъытэ къэралым и ахъшэри кьэмэщIэкIыну.

Хуэдитlкlэ нэхъыбэ

Дэ десэжащ мыпхуэдэ зэ-

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуухэу илъэс 28-рэ зи ныбжь адыгэ бзылъхугъэ Мэз Каринэрэ илъэс 55-м щIигъуа балъкъэр щIалэ Ольмезов Абдул-Хьэлимрэ дуней псом и бгы нэхь лъагэ дыдэ Джомолунгмэ (Эверест) альпинист гуп я гъусэу иджыблагъэ джащ1ащ. Абыхэм къызэральытэмкIэ, ди республикэм щыпсу ныбжьыкIэхэм я гъэсэныгъэм я зэхуэдитыкIэфIыр гъэбыдэным ар и нэпэнфIщ.

Мэз Каринэ

Ольмезов Абдул-Хьэлим

ДЫГЪУАСЭ къыдэкIа ди газетым зэрытетащи, Мэз Каринэ и екъулIэныгъэр гриухуащ Адыгэхэм я фэеплъ махуэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэпырикъумрэ икIи Эверест и щыгум адыгэ ныпыр щыхитIащ.

Ольмезов Абдул-Хьэлим зэрыкIамкIэ, бгым дэкIыныгъуиунэтIащ залымыкIэ зыкIэтыкъэзрахьэу зи хэхэм ираша и хэкуэгъуэхэм я фэеплъым икIи кьалмыкъэм, шэшэнхэм, ингушхэм, къэрэшейхэм, балъкъэрхэм я Iъэпкъ ныпхэр дуней псом и щыгу нэхь лъагэ дыдэ щIэтащ.

Мэз Каринэ япэ дыдэу Эверест дэкIамэ, Ольмезовым и дежкIэ ар етIуанэщ. ИлъэситI и пэкIэ Абдул-Хьэлим абы и щыгум щыIэ ныпыр щыхитIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэм и МЧС-мрэ я ныпхэр. Дуней псом и бгы нэхъ лъагэ дыдэм здыдрихьеся республикэм и бэракьыр, экспедицэм къикIыжа нужькIэ, абы къБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен тыгъэ хущIауэ щытащ.

Бынищым и адэ Ольмезов Абдул-Хьэлим УФ-м и МЧС-м и Iуащхьэмахуэ къэзылъыхъуэ-къезыгъэл гупым лIэщIыгъуэ плIанэ хьуауэ щолажьэ икIи къезыгъэл Iуэхугрэ 500-м щIигъуэм хэтащ. Европэм и бгы нэхь лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ и щыгум 220-м щIигъуэр дэкIащ, Кавказ, Алтайм, Гималайхэм я къуршхэм куэдрэ щхьэпрыкIащ. Iуащхьэмахуэ псынщIэу дэкIынымкIэ рекорд игъуэваща, Урысей Федерацэм ски-альпинизмымкIэ зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэхэр щиIэу хэтащ.

Мэз Каринэ Ольмезовым нэхъыбэ хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ къигъэщIами, зэрыгушхуэн и куэдщ. Ски-альпинизмымкIэ нэгъабэ Домбай щекIуэкIа къэралым и чемпионатым эстафетэм щытекIуаш, щхьэзакъуэ командэ зэпеуэхэм дыжьын медалищ къыщихьащ. КъищынэмыщIауэ, Red Fox Elbrus фестивалым ипкъ иткIэ, 2010 гъэм накьыгъэм и 9-м екIуэкIа гуп зэхьэзэхуэм пащэныгъэр къыщихьри, Iуащхьэмахуэ зэрыгушхуэ щыта и кубокымрэ ТекIуэныгъэм и кубокымрэ зыIэригъэхьащ.

Мэз Каринэрэ Ольмезов Абдул-Хьэлимрэ я екъулIэныгъэ иным папщIэ дыгъэр щIэтащ. Ди лъхъуэхъу икIи ахэр кьызыхэкIа ди щIалэхъэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэун папщIэ иджыри лъагапIэ куэд мы дунейм къыщызэранэжкIыну ди гуапэщ.

ХЬэТАУИслъам.

Къэбардей-Балъкъэрым щыпсоу ехъулIэныгъэ зэрыхьыжьыр

Къаруу игъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьулыкъущIэхэм дэжьыгъэкIэ ягъэбыдыIа автотранспортыр щIалэжьI кьамыгъэсэбэныным теухуа унафэм. Жэрдэмыр кьызыбгъэхьар республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенщ.

ФИГУ къэдгъэкIыжьмащIи, Къанокъуэ Арсен къыхилъхьащ Налшык къалэм и администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ кьулыкъукIэ яIэ машинэхэр гаражым кьыдагъэкIыну пlалъхьэ хуит ямыщIыну. Iуэхур зыхуэгъэзар «абыхэм жылагъуэ транспортым егъэшIыIа гугъуехьэр езыхэм я щхьэкIэ ягъэгъунэхунырщ». А унафэр иджы щIагъэбыдащ.

Мы Iуэхур екъэIащ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Парламентым я Унафэщ1эм я къуэдзэ псоми, республикэм и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэм, министрхэм, къэрал комитетхэм, республикэм и Парламентым и комитетхэм я унафэщIхэм. Нэгъэзащ жыпIэмэ, иныгъ кьулыкъум елытауэ автомашинэхэр зрагъэбыдыIа унафэщ1 псоми. Апхуэдизу жылагъуэ транспорткIэ зекIуэнущ Налшык и Iэтащхьэри, абы и кьуэдзэхэри, администрацэм щыщхэри.

А псоми унафэ хуащIащ тхьэмахуэ зэхуакум кьэриубыдэу жылагъуэ транспортым и лэжьыгъэм кIэлъыплъыну.

Къанокъуэ Арсен апхуэдизу кьыхилъхьащ КъБР-м и кьалэхэмрэ кьуэкIэмрэ цIыхухэм щеупщIыну, аэрэ зыгъэпIейтей Iуэхугъэр кьащIэн мурадщ.

- Нэбуэ кьэхъум елытауэ, дэтхэнэ унафэщIми зэфIихыну пщэрыль зыщищ хьунущ республикэм и цIыхухэр нэхъыбэу зыгъэпIейтей Iуэхугъуипщ нэхърэ мынэхъ мащIэ зэрэпIэгъэкIыныр, - кьыхигъэщхьэхукIащ республикэм и Президентым.

● Хъыбар гуапэ

Джомолунгмэ ди лъэпкъхэр нэхри зэкъуегъэувэ

Къэбардей-Балъкъэрым щыпсоухэу илъэс 28-рэ зи ныбжь адыгэ бзылъхугъэ Мэз Каринэрэ илъэс 55-м щIигъуа балъкъэр щIалэ Ольмезов Абдул-Хьэлимрэ дуней псом и бгы нэхь лъагэ дыдэ Джомолунгмэ (Эверест) альпинист гуп я гъусэу иджыблагъэ джащ1ащ. Абыхэм къызэральытэмкIэ, ди республикэм щыпсу ныбжьыкIэхэм я гъэсэныгъэм я зэхуэдитыкIэфIыр гъэбыдэным ар и нэпэнфIщ.

ДЫГЪУАСЭ къыдэкIа ди газетым зэрытетащи, Мэз Каринэ и екъулIэныгъэр гриухуащ Адыгэхэм я фэеплъ махуэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэпырикъумрэ икIи Эверест и щыгум адыгэ ныпыр щыхитIащ.

Ольмезов Абдул-Хьэлим зэрыкIамкIэ, бгым дэкIыныгъуиунэтIащ залымыкIэ зыкIэтыкъэзрахьэу зи хэхэм ираша и хэкуэгъуэхэм я фэеплъым икIи кьалмыкъэм, шэшэнхэм, ингушхэм, къэрэшейхэм, балъкъэрхэм я Iъэпкъ ныпхэр дуней псом и щыгу нэхь лъагэ дыдэм щIэтащ.

Мэз Каринэ япэ дыдэу Эверест дэкIамэ, Ольмезовым и дежкIэ ар етIуанэщ. ИлъэситI и пэкIэ Абдул-Хьэлим абы и щыгум щыIэ ныпыр щыхитIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэм и МЧС-мрэ я ныпхэр. Дуней псом и бгы нэхъ лъагэ дыдэм здыдрихьеся республикэм и бэракьыр, экспедицэм къикIыжа нужькIэ, абы къБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен тыгъэ хущIауэ щытащ.

Бынищым и адэ Ольмезов Абдул-Хьэлим УФ-м и МЧС-м и Iуащхьэмахуэ къэзылъыхъуэ-къезыгъэл гупым лIэщIыгъуэ плIанэ хьуауэ щолажьэ икIи къезыгъэл Iуэхугрэ 500-м щIигъуэм хэтащ. Европэм и бгы нэхь лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ и щыгум 220-м щIигъуэр дэкIащ, Кавказ, Алтайм, Гималайхэм я къуршхэм куэдрэ щхьэпрыкIащ. Iуащхьэмахуэ псынщIэу дэкIынымкIэ рекорд игъуэваща, Урысей Федерацэм ски-альпинизмымкIэ зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэхэр щиIэу хэтащ.

Мэз Каринэрэ Ольмезов Абдул-Хьэлимрэ я екъулIэныгъэ иным папщIэ дыгъэр щIэтащ. Ди лъхъуэхъу икIи ахэр кьызыхэкIа ди щIалэхъэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэун папщIэ иджыри лъагапIэ куэд мы дунейм къыщызэранэжкIыну ди гуапэщ.

ХЬэТАУИслъам.

● КъБР-м и Парламентым

Арэзы щытохъуэ

Иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым щекIуэкIащ республикэм и нэгъабэрей бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам зэIухаеу щыхэплъа зэIущIэ.

АБЫ ХЭТАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэр, Правительствэм, Къэзэпщытэ-къэзыбж палатэм, ФНС-м и щIыналъэ кьудамэм, муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм, республикэм и Парламентым и Iэтащхьэм деж щыIэ жылагъуэ советым, жылагъуэ-политикэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Парламентым и ТхьэмадэЧеченов Ануар пэублэ псалъэкIэ къызэIуиха нэужь, БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитетым и унафэщI Ахъуэхъу Кьанщобий зэIущIэр иригъэкIуэкIащ.

Финансхэмкlэ министр Бышэн Аэрэт къызэригъэлъэгъуамкIэ, псори зэхэту нэгъабэ республикэм и бюджетым сом мелард 19-рэ мелуан 894-рэ хуэзщIагъэуIуащ. Ар зытращIыхьауэ щытам и процент 96,1-рэ махъу. Бюджет зэхуаку трансферту сом мелард 12-рэ мелуан 61-рэ къаIэрыхьащ. Хэщ1эхэмкIэ кьапщытар сом мелард 20-рэ мелуан 586-кIэ е процент 93,5-кIэ ягъэзэщIащ, гъэтIылыпIэу фондым щыщу сом мелуан 38,6-рэ кьагъэсэбэпащ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, республикэ бюджетыр, зытращIыхьа сом зы мелардрэ мелуан 307-м и пIэкIэ, мелуан 691,7-рэ хущыщIэу гъэзэщIа хьущ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал щыхуэхэр нэхъыбэ дыдэу сом меларди 2-рэ мелуан 800-м нэсу дгъэуватиу, зы мелардрэ мелуан 554-м фIэдгъэкIакъым. Налогхэмрэ абыхэм щымыщхэмрэ кьапэкIуэм илъэ ита илъэсым елытауэ сом мелуани 198-кIэ хэхъуащ икIи меларди 7-рэ мелуан 833-м нэсащ. Ар дызыпIэплъам и процент 91,5-м ноблагъэ, - жиIащ министрым. - Республикэ бюджетым и хэхъуэхэм я процент 95,5-р налогхэм хуоззэ. Кьапщтэмэ, абыхэм я процент 41,6-р акцизхэм (сом меларди 2,6-рэ), процент 25,5-р цIыхуэхэм къаIэрыхьэм техьэ налогым (сом зы мелардрэ мелуан 600-рэ), процент 16,2-р Iуэхущ1апIэхэм я хэхъуэм техьэ налогым (сом зы мелардрэ мелуан 33-рэ), процент 12,2-р мылъкум техьэ налогым (сом мелуан 775-рэ) къапэкIуащ. Налогым щымыщ хэхъуэу сом зы мелардрэ мелуан 456-рэ къыхэкIащ. Ар пщIэкIэ хуащIэ Iэхъутхьэбзэхэм, къэралым яхуилъхьэм къыпэкIуэжхэмкIэ, къэрал мылъкур къызэрагъэсэбэлым хуэзэхэм, нэгъуэщIхэм я хьэкъкIэ къызэдгъэпэщащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Езыхэм я щхьэкIэ ирырагъэунэху

Къару игъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьулыкъущIэхэм дэжьыгъэкIэ ягъэбыдыIа автотранспортыр пlалъэкIэ кьамыгъэсэбэныным теухуа унафэм. Жэрдэмыр кьызыбгъэхьар республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенщ.

ФИГУ къэдгъэкIыжьмащIи, Къанокъуэ Арсен къыхилъхьащ Налшык къалэм и администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ кьулыкъукIэ яIэ машинэхэр гаражым кьыдагъэкIыну пlалъхьэ хуит ямыщIыну. Iуэхур зыхуэгъэзар «абыхэм жылагъуэ транспортым егъэшIыIа гугъуехьэр езыхэм я щхьэкIэ ягъэгъунэхунырщ». А унафэр иджы щIагъэбыдащ.

Мы Iуэхур екъэIащ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Парламентым я Унафэщ1эм я къуэдзэ псоми, республикэм и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэм, министрхэм, къэрал комитетхэм, республикэм и Парламентым и комитетхэм я унафэщIхэм. Нэгъэзащ жыпIэмэ, иныгъ кьулыкъум елытауэ автомашинэхэр зрагъэбыдыIа унафэщ1 псоми. Апхуэдизу жылагъуэ транспорткIэ зекIуэнущ Налшык и Iэтащхьэри, абы и кьуэдзэхэри, администрацэм щыщхэри.

А псоми унафэ хуащIащ тхьэмахуэ зэхуакум кьриубыдэу жылагъуэ транспортым и лэжьыгъэм кIэлъыплъыну.

Къанокъуэ Арсен апхуэдизу кьыхилъхьащ КъБР-м и кьалэхэмрэ кьуэкIэмрэ цIыхухэм щеупщIыну, аэрэ зыгъэпIейтей Iуэхугъэр кьащIэн мурадщ.

- Нэбуэ кьэхъум елытауэ, дэтхэнэ унафэщIми зэфIихыну пщэрыль зыщищ хьунущ республикэм и цIыхухэр нэхъыбэу зыгъэпIейтей Iуэхугъуипщ нэхърэ мынэхъ мащIэ зэрэпIэгъэкIыныр, - кьыхигъэщхьэхукIащ республикэм и Президентым.

Уасэхэр, уасэхэр...

Белоруссием бензиным и уасэр зэуэ процент 25-кIэ щыуеелащ. Абы къыщыдэкIуэу, хуабжьу лъапIэ щохьу ерыскъыпрэ хьэпщыпхэмрэ. Псори къызыхэкIар а къэралым щызекIуэ ахъшэр процент 56-кIэ девальвацэ зэращIарщ.

Власткэр щогугъ, Урысейм щIыхьэу иритыну къызэрыгъэгугъа доллар мелардищэр яIэрыхьэмэ, щытыкIэр зэтес ящIыжьыфыну. АрщхьэкIэ Iэщ1агъэлIэхэм кьалъытэ къэралым и ахъшэри кьэмэщIэкIыну.

Хуэдитlкlэ нэхъыбэ

Дэ десэжащ мыпхуэдэ зэ-

Аргуэру хоплъэж

Судыр аргуэру хоплъэж урысей олигарххэу Ходорковский Михаилрэ Лебедев Платонрэ я Iуэхуэм.

Илъэс и пэкIэ абыхэм я судыр щIэрыщIэу ящIэжауэ щытащ. Абы кьэрикIуахэмкIэ мыарэзэ уэчылхэр аргуэру тхьэусыхэжащ.

◆ **Африкэм и махуэщ.** Африкэ зэкъуэтыныгъэм и зэгухьэныгъэр 1963 гъэм накъыгъэм и 25-м къызэрагъэпэщащ. 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 9 лъандэрэ Африкэ союзщ.

◆ **Сабий кIуэдахэр къыщалъхьуэ махуэщ** (2002).

◆ **Иордан Пащтыхьыгъуэм егъэлъапIэ къэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэр** (1946).

◆Илъэси 5 и пэкIэ (2006) Урысей Федерацэмрэ Евросоюзымрэ Iэ традзащ УФ-мрэ а зэгухьэныгъэм и къэралхэмрэ я цIыхуэм визэ зэрырат щIыкIэр нэхъ тынш зыщIэ зэгурыIуэныгъэм.

◆ Накъыгъэм и 27 - 28-хэм Волгоград щекIуэкIынущ Урысейм и хирургхэм я XI зэхуэсыр.

◆ Илъэс 80 и пэкIэ (1931) кьалъхуащ СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхьужь (1975, 1978) Гречкэ Георгий.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Щlегъуэжахэм къагъэзэжыну хуитщ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм Къанокъуэ Арсен аргуэру щIыущIащ террорист щIэпхъаджагъэ зыгъэжьхъэм зэрыгъэзэжынымкIэ и адэанэ гупым, Абы къырихьэлIащ Iуащхьэмахуэ районым щыщ бзаджащIэхэм я Iыхьлыхэр.

ДЫЗЭРЫЩIГЪУАЗЭЩI, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ щыгтыкIэр зэпIэзэрыт щIыжьыным хуэунэтIауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хиубыдэу Къанокъуэ Арсен нэхъ яIэнкIэ яIущIауэ щытащ Бахъсэн районым щыщ адэанэхэм.

Иджырей зэIущIэм къырихьэлIахэр КъБР-м и Президентым щыгъуазэ ищIащ, япэкIэ унафэ къыхэращтауэ щытам тету, щIэпхъаджащIэхэр гъащIэм къыхэщIэжыным, хэгъэзэгъэжыным елэжьыну комиссэ республикэм къыхэращыщзэрагъэпэщым.

Федеральнэ IэнатIэм щыгъэфIагъэкIащ хабзэхъумэ органэм кьекIуалIэу Iэщэр зытхэм тезырыр ящызыгъэпсыныщIэну Iуэхугъуэ зыбжанэ. Кьапщтэмэ, апхуэдизкIэ зэхъуэкIыныгъэхэр хагъэхащ УФ-м и Уголовно-процессуальнэ кодексымрэ Уголовнэ кодексымрэ. Абыхэм Iуэхугъэ зэхэзыгъэкI органхэмрэ судхэмрэ Iэмал ират ялэжьакъэ хущIегъуэжу кьэзыгъэзэжакъэм, щIэпхъаджагъэхэр адэкIэ зымылэжьыжьыну мурад зыщIахэм трапъхъэ тезырыр нэхъ щабэ ящIыну.

-Си дежкIэ ахэри республикэм щыщ щIыхьщ икIи сэ сыхущIэкъунущ абыхэм я псэр къызэрезгъэпынам, гъэгу пхэнжьм къызэрытесщыным. Абыхэм ящыщ зыгъэрым къигъэзэжу гъащIэ тэмэмым къыхьыхьжьыну мурад ищIмэ, дэ апхуэдизм зыхуэфащэ Iэмалхэр етгынщ. Араща комиссэ щхьэхуэ къыщIыщIэздгъэпэщыр. Сэ си щхьэкIэ а Iуэхум сыкIэлъыплъынущ. ЩIегъуэжа псори я унагъуэхэм къызэрекIуэкIэжьмкIэ гъэгу пыухыкIам дыбзыхунущ. Сэ шэсыпIэ соувэ абыхэм яхуэмыфащэу лей ирамыхыну. Дэ тхузэфIэкI псори дэдэжьнущ хэгъэзыхь щымыIэу зыкъэзыта дэтхэнэми, абы щIэпхъаджагъэ егъэлеяхэр имыгъэкIамэ, ЛЫ имыгъэжамэ, и Iуэхур тэмэму законым тету зэхагъэкIын папщIэ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Дэтхэнэми ищIэн хуейщ къигъэзэжыну зэрыхуэзфIэкIынур. Унгу иримыхьын куэд щыIэщ, ауэ абы къинкIыркъым зэпищIэу Iэщэм уепхъэжи хуейуэ. Иджыпсту дэ IэмалышыгъэкIэ Iуэху ткIийхэр дымыIэжьу хъурркъым, абы къызэкIыжьу зыкъэзытыну хуэмейхэр гува-щIэхами хэкIуэдэнущ».

Адэ-анэхэм я гугъуехыкэр Президентым хуаIуэтащ икIи я бынхэр мамыр гъащIэм къыхэщIэжьнымкIэ властым зэщIагъэзыхуэну зэрырихьэлIар жаIащ. Мыпхуэдэ зэIущIэхэр республикэм и Iэтащхьэм дяпэкIи иригъэкIуэкIыну и мурадщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дунейр къэкIуэхи, уи унэ ихьэж.

Псы псори къуршхэм къащIож

Урыс-Кавказ заоуэр зэрунэхэр ильэсиI 147-рэ зэрырикъуам теухуа Iуэхуэхэр щекIуэкIащ республикэ унафэм щIэт къащIащыпрэ папкинитIыпмрэ.

● Адыгэхэм я фэеплъ махуэ

БАХЪСЭН къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм «Джэгуакlуэ» гупым, нэгъуэщIхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ. «Адыгэ Хасэ» зэгухьэныгъэм и щIыпIэ къудамэм и унафэщI Шапсыгъ Хьэсэн къызэуэсахэм я пащхьэм кьыщIопсэльащ. Къуей и библиотекэхэм тхыльэ гъэльэгъуэныгъэхэр кьыщыдэзрагъэпэщащ.

Прохладнэ къалэм, Къэбэрдей, Псынщокъуэ, Советскэ къуажэхэм щыпIэ-административцэхэм я унафэщIхэр, дин лэжьакIуэхэр, жылагъуэм я лIыкIуэхэр зыхэта нэщхьеягъуэ пэкIуэгр щекIуэкIащ. Къызэхуэсахэм дыуэ ящIащ илъэ

Арэзы щытохъуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Къэпсэльам къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэ бюджетым и хэщIэкмкIэ зытрахуауэ щытар сом мелард 20-рэ мелуан 586-кIэ е процент 93,5-кIэ ягъэзэщIащ. Зэщхьэщыхауэ къапщтэмэ, къэралпсо IуэхугъэхэмкIэ къапэщытар проценти 7,7-кIэ (сом зы мелардрэ мелуан 600-рэ), лъэпкъ щынагъэншагъэмрэ хабзэхъумэхэм я IуэхущафэхэмкIэ - проценти 6,2-кIэ (зы мелардрэ мелуан 279-рэ), лъэпкъ экономикмкIэ - процент 18,4-кIэ (мелларди 3-рэ мелуан 794-рэ), псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ - проценти 3-кIэ (мелуан 609-рэ), егъэджэныгъэмкIэ - процени 6,7-кIэ (зы мелардрэ мелуан 379-рэ), щэнхабзэмкIэ, кинематографиемрэ цIыхубз хьыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ - проценти 3-кIэ (мелуан 614-рэ), узыншагъэр хъумэныкIэ, физкультурэмрэ спортымкIэ - процени 7,3-кIэ (зы мелардрэ мелуан 510-рэ), социальнэ политикамкIэ - процент 16-кIэ (мелларди 3-рэ мелуан 313-рэ), бюджет зэхуакъ трансфертхэмкIэ планыр процент 31,3-кIэ (сом мелларди 6-рэ мелуан 443-рэ) зэфIагъэкIащ.

- 2010 гъэм и пэщIадзэм республикэм и къэрал кIэуцI щIыхэуар сом мелуан 957-рэ хъуурэ щытащ. Абы щыщу мелуан 700-р банк кредитщ, мелуан 216-р федеральнэ бюджетым и щIыхэуащ, мелуан 40,8-р 1992 - 1996 гъэхэм зэтрихьахэм щыщщ. Отчет лъэхъэнэм кIуридыдзу ахэр зытегъэкIыжыным сом мелуан 740,8-рэ, процентхэр щхьэщытыкIыным мелуан 24,6-рэ хуэхтхащ. Банк кредитхэр и пIалъэр къэмысу зэрытпшынымкIэ, нэгъэущI Iуэхугъуэхэр зэрызэфIэдгъэкIыным сом мелуан 49,4-рэ къытхудигъэхуащ, нэхъ пасэу къыитенауэ щыта мелуан 83,6-р УФ-м Финансэхэмкlэ и министерствэм худи1э зэгурыIуэныгъэм тету тщъыщащ. Нобэ ирихьэлIэу республикэм и къэрал кIуэцI щыхуэр зэрыхъужыр сом мелуан 354-рэщ, - кьыхугъащащ министрым. - Капитальнэ хэлъхьэныгъэр сом зы мелардрэ мелуан 637-рэ хъуурэ ягъэуватэ, зэрыщыгу къэдгъэсэбэпащ. ЩIыпIэ бюджетхэм я Iуэхухэр зохуагъэкIуэн мурадкIэ бюджет зэхуакъ трансферту нэгъабэ тхухаха сом меларди 6-рэ мелуан 443-р процент 98-кIэ дгъэзэщIащ. Республикэ бюджетым щыщ дотацэу зы мелардрэ мелуани 114-рэ, субсидиеу мелуан 974-рэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ кьалэ округхэмрэ етташ, субвенцэу сом меларди 3-рэ мелуани 103-рэ щIыпIэ бюджетхэм хэтлъхьащ.

Бышэн Аэрэт зэрыжиIамкIэ, УФ-м Финансэхэмкlэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэм 2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджет зэхэтыр гъэзэщIа зэрыхъуам щыхэпIьати, арэзы щытехъуащ.

КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмрэ затумкIэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ** кIэщIу кьытеувыIащ социальнэ, экономикэ зыужьныныгъэ я лъэныкъуэкIэ нэгъабэ республикэм и Iуэхур зыхуэдам. Абы къызэрыгъэлъэгъуамкIэ, гъэ кIуар мыеIуэ нухащ. Къащтэмэ, экономикэм и Iэнатlэхэм зыужьныныгъэ нэрылъагъуэр щыIэщ: илъэ ита илъэсым елытауэ, ВРП-м процент 3-кIэ хэхъуащ икIи ар сом мелард 74,1-м нэсащ. Абы хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуащIащ промышленностым, мэкъумэшым, затум я Iэнатlэхэм.

- Промышленнэ предприятиэхэм ВРП-м и процент 14-м нэблагъэ хъыдэрагъэIэщ. Нэгъабэ продукцэу ящащ, лэжьыгъэрэ Iуэхутхьэбзэу зэфIагъэкIащ сом мелард 28,5-рэ и уасэ. Экономикэм и зыужьныныгъэм инвестицэу сом мелард 14-м нэблагъэ халъхьащ, - жиIащ къэпсэльам. - Псэупlэу метр зэбгъуэзнатlэ мин 253,9-рэ ятащ. МэкъумэшI Iэнатlэхэм сом мелард 23-м нэблагъэ и уасэ продукцэ къыщалэжащ. Ар 2009 гъэм елытауэ проценти 9,7-кIэ нэхъыбэщ.

Министрым и къуэдзэм къызэрыхигъэщащмкIэ, цIыхухэм я псэуныгъэр процент 14,7-кIэ ефIэкIуащ, икIи ар мазэм сом 11029,6-рэ къаIэрохьэ. Сабийуэ къалъхум проценти 2,9-кIэ хэхъуащ, цIыхуу хэщIыкIым проценти 4,3-кIэ кIэрыхуащ.

Алхуэдэу зэхьыхьэм щедэIуащ республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафащI **Шондыр Олегэ** Федеральнэ налог Iэнатlэм и щыналъхъу къудамэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Сарбашевэ Светланэрэ** жаIахэм. Къыхалъхьа Iуэхугъэр щызэпкърахьам абыхэм къыхагъэщащ бюджетыр гъэзэщIэным къаруушуэ зэрырахьэлIар икIи ар къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ хуащIащ.

БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансэхэмкIэ комитетым и унафащI **Ахъуэхъу Къанщобий** зэIуущIам кьрикIуахэр зэхилъхьэжа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и нэгъабэрей республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуа унафэрэ Парламентым, Правительствэм, ФНС-м и щIыналъэ къудамэм яхуэгъэзэща чэнджэщхэмрэ кьащтащ.

АРУАН Алий.

КъБР-м и Правительс твэм и Унэм накьыгъэм и 19-м щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм хэтхэм я ильэс зэIуущI. Абы щызэпкърахащ нэгъабэ зэфIагъэкIащ эмрэ мы гъэм кьаIущIащ.

Псоми яхуэгъэза хабзэхэр

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КъБР-м и АСМО-м и правленэм и унафэщI **Пэнагуэ Максим** зэфIагъэкIаэм ятеухуауэ кьыщыпсалъэм зэхэтыгъэлъэгъуамкIэ, 2010 гъэм я лжьыгъэр ильэситIащ «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэ кьыщызэгъэпэщыныкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я IуэхукIэ» федеральнэ законым, республикэм и щIалъэ-правовой актхэмрэ я Устав ямрэ щызэбгъахуэхэм тету.

- Нуэкьрей ильэсхэм ди щIыналъэм зэхьыжьыныгъэ нэрылъагъуэр кьыщыхьуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэзэщIакIэ Iэнатlэхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущапlэхэмрэ жылагъуэхэм лжьыгъэ зэрыгъэзэщIащ. Абыхэм зегъэужьыным кьэралым сом мелуан 200-м щIигъу хухихащ, апхуэдэу щыхуэ 700-м нэблагъэм сом мелардэ 11-м щIигъу щыхуэу иратащ. 2009 гъэм лжьыапIэнэщ 19700-р ятхуэу щытамэ, нобэ зэрыхъужыр 1200-рэщ, кьыгъэлъэгъуащ АСМО-м и правленэм и унафэщIым. - Социальнэ Iэнатlэхэм щытыкIэр щрагъэфIакIуэ Сэмадин Iэбдулатэ щыIэ дамбулаторхэр кьыхэзыхуэтынщэу зэрагъэпэщыж. Лъэпкъ театр центрыр ухуэнар и кIэм нагъэблагъэ, Музыкэмкlэ театрыр, курортым Щэнхабзэмкlэ и унэр кьагъэщIэрэщIэж. Физкультурэмрэ спортымкIэ Iуэхущапlэхэм зегъэубгъуэным иужьрей зэманым гульытгэщхуэх хуащI. Налшык, Май кьалэхэм, Кьулькъубжьи Ищхьэрэ кьуажэм физкультурэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущапlэхэр нэгъабэ кьыщыIэзыIуахащ, Нартыкэ, Бахьсэн, Прохладнэ, Тэрч кьалэхэм футбол джэгупIэ IэрыщIэр щащхуащ. Налшык сабий стадионир щIэзэрагъэпэщыжк, Прохладнэ кьалэм ФОК кьыщыгъэжьащ, нэгъуэщI лжьыгъэ щхьэпэхэри зэфIагъэкI. Арами, унафэ зытещIыхьыпхъэ щыщIыныгъэ куэд иджыри жылагъуэхэм зэрыщыIэри ахэр псынщIэу зэфIэтхэну цIыхуэхэр кьыззэрытыгугъри фIыуэ кьыдгуроIуэ. А зэхьуэкIыныгъэхэр республикэм и унафэщIым жыджэру деIыгъ. Абы и фIыгъэкIэ властым и гъэзэщIакIуэ Iэнатlэхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущапlэхэмрэ я зэрыщIэу зэдолажьэ. Президентым и Администрацэмрэ Правительствэмрэ щыщIэр хэту кьалэхэм, районхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр зэрызэхуищэсым Iэмал хъарзынэ кьыдет жылагъуэхэм я унафэщIэхэр зыIутыжыпIейтейуэ зэрызэхуэхьэсырэ ныбжьыкIэхэм я лжьыгъэм лъабжьэ хуэхъу хабзэхэр гъэхъэзырыным, ефIэгъэкIуэным, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэм я Iуэхущапlэр зыхуэдэр джьным икIи хэIущIыкIу щIыным теухуауэ нэгъабэ кьыхалъхьа жэрдэм гроп я лIыкIуэхэм жыдэгъуэ дыдыщащ. Ар зэпкърыхауэ кьытеувыIащ отчет лъэхъэнэм кьриубыдзэ зэфIагъэкIыным, нэгъуэщI щIыпIэхэм хуаIэ пIыщIэнэгъэхэр зэрагъэбыдэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и АСМО-м ильэс кIуэм и бюджетыр зэрирегъэщIам арэзы техъуэу мыгъэрей кьащта нэужь, зэхьыхьэм кьыщыпсэльащ Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ, ЩIыпIэ самоуправленэм и Урысейпсо Советым и щIыналъэ кьудамэм и унафэщI **Темиржанов Махьты,** Дзэлыкъуэ зуеIэм хьлъэ Пригечнэ кьуажэмрэ Прохладнэ кьалэ округымрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэ **Джэдмыс Рае, Пархоменкэ Юлие,** республикэм и прокурор **Жариков Олег** сыIэм.

